tekserip, sońınan mensibewshilik názer menen qarawǵa ótedi. Sırtqı kelbetin sıpayılıq penen jasırıp qoyǵan Mátmurat aytqan kelisimi bolmaǵan soń, ózniń jaǵımsız xarakterin kórsetip qoyǵanın bilmey de qaladı. Hayal quda da er qudanıń sózin sóylep hayallıq mákkarlıq penen sóylewge ótedi. Bul epizodlar oqırmandı tásirsheńligi menen ózine tartadı. Mısalı:

-Haw, baspaqlı sıyır, dep edik ǵoy, – betin surladırdı qudaǵay, – Ne bul bizlerdi bassınǵanıńız ba? Biziń qızımızdıń jurttıń qızınan qay jeri kem? Ya bizlerdi aǵayini joq deysiz be?

Esbergen ne islerin bilmey qaldı.

Óydeme, quda,-dedi aqırı bolmaǵan soń, – áytewir tawılǵanın ákelip atırmız. Tapsaq, baspaǵın da ákelemiz. Mınaw da buzawlayın dep turǵan sıyır ǵoy.

– Shúlliktey bir qasharıńdı buwaz-buwaz dey beréseń, biz bir ishine kirip shıǵıppız ba, buwaz ekenin qaydan bilemiz, kerek emes, alıp ket!-dep pázneni bastı qudaǵay. [3:224]

Mine, ashkózlikke tán bolǵan haqıyqıy satira. Turmısta ushırastuǵın halat. Bir qansha shańaraqlardıń uyımay buzılıp ketiwine sebepshi bolatuǵın ayanıshlı kórinis. Jazıwshı Mátmurat obrazın jaratıw arqalı mal-dúnyanı perzentiniń baxtınan artıq kórgen, ashkózlik etip insan qádir qımbatın umıtqan insanlardı ótkir sınǵa aladı, sonıń menen birge oqırmannıń kewilin Esbergen aǵanıń shıǵarma sońındaǵı kórinisin sáwlenendiriw araqlı eriksiz ızalandıradı. Mısalı:

Esbergen qudasınıń betine tigilip bir qarap, teris aylanǵannan basqa illá dep awız ashqan joq. Tula boyın bir túrli ıza kernep, tek únsiz sıyırın jetekke ala berdi. Jeti túnde qayda baradı, sıyırdı qay qoraǵa baylaydı? Ol ele bul haqqında oylap úlgergen joq. Júrip kiyatır únsiz, kewilsiz. Dógerektiń bári etaj-etaj záwlim jaylar. Ol qayda baradı? Jawın ele quyıp tur...[3.225].

Jazıwshı juwapsız sorawlar menen oqıwshını tolǵandırıp, gúrrińdi juwmaqlaydı. Sonıń menen birge avtor, oqırman qıyalında Esbergenniń insaniylıqqa tán bolǵan shıraylı xarakterin, Mátmurattıń kórimsiz qara kewlin eriksiz sáwlelendirip, turmısımızdaǵı hár kimniń ózinshe durıs dep tapqan dástúrlerin shın ıqlası menen qaralap obrazlı bayanlaydı.

Juwmaqlap aytqanda óziniń dóretiwshilik mektebine iye sóz sheberi K.Allambergenov, bir qatar yumor-satıralıq gúrrińleri menen jámiyetimizde júz berip atırǵan turmıslıq waqıyalardı barınsha súwretlep berdi. Kórkem sóz ustasınıń jazıwshılıq sheberligi menen kózge ilinbes nárselerdi de kewilge tiymeystey etip, aq qaǵazǵa orap, prozalıq satıranıń rawajlanıwında ayrıqsha ornına iye jazıwshılardıń biri ekenligin atap ótiwimiz orınlı sanaladı. Sonıń menen birge K.Allambergenov qaysı janrda shıǵarmalar dóretse de, onıń dóretpeleri insan kewil tarların shertiwshi, ideyalıq mazmunı jaǵınan kórkemligi bay shıǵarmalar bolıp tabıladı.

**Ádebiyatlar**


1. Paxratdinov Yu. Ómirbek laqqı hám yumor-satira máselesine. –Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 1992.
2. Allambergenov K. Quslar qaytqan kún. –Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 1995.
3. Allambergenov K. Ómir máwritleri. –Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 1997.



**REZYUME**

Maqolada satira janrining óziga xos xussusiyatlari, adib K.Allambergenovning yumor-satirik asarlarıning ideya-tematik xussusiyatlari badiiyligi órganilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности жанра сатиры, художественно-тематические особенности юмористических и сатирических произведений писателя К. Алламбергенова.

**SUMMARY**

The article discusses the features of the genre of satire, the artistic and thematic features of the humorous and satirical works of the writer K. Allambergenov.


## SHESHENLIK SÓZLER HÁM SHESHENLER AYTISINIŃ PAYDA BOLIW HÁM QÁLIPLESIW JOLLARI


**G.Jollıbaeva** – *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** folklor, "Sahroning birinchi qo‘shiqchilari", chechan, shoyir, jırov, baxshi, qıssaxon, Jiyrenshe chechan.

**Ключевые слова:** фольклор, «Первые певцы пустыни», чешан, поэт, жиров, бахши, киссахон, Жийренше чечен.

**Key words:** folklore, "The first singers of the desert", sheshan, poet, jirov, bakhshi, qissaxon, Jirenshe Chechen.


Adamzat payda bolıwı menen oǵan qudaytala hámiri menen til, sana, sezim baǵıshlaǵan. Til adamlardıń bir-biri menen qatnas quralı esaplangan. Hár adam óz kewlindegi oyların, tuyǵıların, ármanların, jaqsılıq niyetlerin, qayǵılı hásiretlerin usı tili, zibanı, onıń sesti arqalı bir-birine jetkerip turǵan. Ásirler ótiwi menen adamzat sóz qúdiretiniń ushqınların barınsha rawajlandırǵan. Nátiyjede adamlar arasınan sheshen, dilwar, artıqsha tereń pikirler júritip sóyleytuǵın, aytatuǵın talantlılar payda bolǵan. Bunday insanlarda adamlar hayran qalarlıq tapqırlıq, sózge ustalıq, tereń mánili sózlerdi dúzip aytatuǵın sheberlik belgiler payda bolǵan. Olar qanday da bir adam táǵdirindegi, turmısındaǵı, ómirindegi máselelerdiń ayrıqsha sóz sheberligi menen sheshiliwine xızmet islegen. Xalqımız usınday talantqa iye sóz sheberlerin hakılı ráwishte sheshenler, dilwarlar degen atqa miyasar etken. Usınday talant iyelerin xalıq aralıq masshtabta oratorlarda degen. Ol bizińshe sheshenler, sóz zergerleri, dilwarlar degen mánini ańlatadı. Folklor – sheshenlik sózlerdiń ullı watanı. Sebebi xalıq awızeki kórkem dóretpeler bir neshe ásirlerlerden berli xalıq arasında tákirarlanıp, sıyqaǵı shıǵıp, Endi onı hesh bir adam ózgerte almaytuǵın dárejede ózgermey bánt bolıp qalǵan sózlerden quralǵan. Olardıń geyparalarınıń formaları ǵana janalıqqa usharıp azmaz ózgeris kirgiziliwi múmkin yamasa variantlasıp Ekinshi bir túr menen aytılıwı itimal, bolmasa ózgermeydi.

Sheshenlik sózler hár qanday folklorlıq janrlardan óziniń túpkilikli ózgeshelikleri menen ayrılıp turadı. Onıń mazmunı, mánisi, sózdiń salmaǵı, ótkirligi, kórkemligi h.t.b. belgileri sheshenlik sózlerdiń ayırmashılıǵın belgileydi. Haqıyqatın saralap alǵanda naqıl-maqal sózler ǵana olarǵa jaqınlaw keledi. Biraq sheshenlik sózler naqıl-maqal emes, maqalda emes. Olar hár qıylı formada aytıladı, tereń máni beredi, túrli muqamdaǵı mazmunǵa, ideyaǵa iye. Sheshenlik sózler – folklordıń barlıq janrlarında da óz jasawın dawam yetedi. Álbette, sózdiń qollanılıwına, sáykesligine, aytılıwına, jupkerlesiwine h.t.b. qaray aralasıp qollanıla beredi.

Qaraqalpaq xalqı arasında ózleriniń baxtı, mártebesi menen jasap, xalıqqa basshılıq etip, duyım jurt alǵısın alıp, Xiywa xanlarınan óziniń, tiliniń ótkirligi arqasında qaraqalpaq xalqınıń ar-namısın qorǵaǵan Maman biy, Aydos biy,

Ernazar biy, Turım biy, Erejep tentekler sheshenlikte óz dáwirinde aldına adam salmaǵan qúdiretli insanlar bolǵanı málim. Olar aytqan hár bir itibarlı, salmaqlı, ótkir mánili sózler xalıq awzında tillerde dástan bolǵan.

Qaraqalpaqlarda áyyem zamanlardan berli sheshenlik sóz aytıw, onı dóretiw, tarqatıw atadan balaǵa ótip, shınjır-ma-shınjır kiyatırǵan ullı dástúrlerdiń biri. Olarda nebir sózdiń gáwharları óziniń hasıl ornın tapqan. El ishinde jeke óziniń talantı menen jasap, sózge kelse tili menen qus uslap júrgen atayı sheshenler oǵada kóp bolǵan. Eger olar kóp bolmaǵanda qaraqalpaq kórkem awızeki dóretpelerdiń barlıq tarawların, janrların, túrlerin kimler dóretedi. Túrkiy tilles xalıqlardıń ishinde ásirese qaraqalpaqlar bunday sóz zergerlerin iyelewde hesh bir xalıqtan qalıspaǵan. Dálil, tapqırlıq, suwırıp salmay, quyqıljıtıp sóylew, mánili gápler dóretiw, yumor-satiralıq sheberlik qaraqalpaqlarda oǵada ájayıp sóz baylıǵına iye. Sheshenler olardıń dóretiliw hám taralıwında aldına adam salmaǵan. Sonlıqtan bolsa kerek XIX ásirdiń ortalarında qaraqalpaqlardıń ishinde bolǵan folklorist, etnograf alım Shoxan Walixanov qaraqalpaqlarǵa "Sahranıń birinshi qosıqshıları" dep baha bergen. Ol Evropa, Aziyanıń kóp mámleketlerin aralap júrip, basqa bir xalıqqa bunday joqarı baha, ataq bermegen. Álbette bul, xalıqtıń asa tuwma talantlıǵınan dárek beretuǵın belgilerdiń biri.

Xalqımızdıń arasında bir neshe ásirlerden baslap sheshen, shayır, jıraw, baqsı, qıssaxan degen bahalı sózler qollanılıp kelmekte. Olardıń hár biriniń óz aldına dańqlı mánileri bar. Mısalı: bulardıń ishinde sheshen sózin alıp qarayıq: Ol sózge iye bolǵan adamlar sózge oǵada sheber, onıń aytqan sózlerin, gáplerin teginlikte hesh kim aylap tawıp ayta almaytuǵın, tereń oyshıl, dilwar, hár bir gápin danalıq penen aytatuǵın, biy juwap gáp qaytarmaytuǵın, onıń hár bir sózi orınlı, itibarlı, qúdiret qurastırıp sóyleytuǵın adamlarǵa aytıladı. Olar óziniń jeke talantlıǵı, kórkem sózge sheberligi, kópshilikti sóylegende ózine erkin qaratıwshılıǵı menen belgili boladı.

Xalqımızdıń ishinde sózge sheber, quyqıljıtıp gáp aytatuǵınlar kóp. Biraq olardıń barlıǵın sheshen dewge bolmaydı. Sheshen sheshenligi menen ayrıqshalanıp turadı. Onıń sóz sóylewde, gáp aytıwda, qıyın máselelerdi sheshiwde hesh qanday da kemisligi bolmawı tiyis. Ne haqqında dálilleniw tuwrı kelip qalsa, ol sóz benen ol máseleniń sheshimin hámme tárepke jaylı, isenimli etip aytıp jayǵastırıwı shárt. Usınday dana, oyshıl adamlarǵa ǵana xalıq sheshen ataǵın beredi. Áne, usınday sheshen adamlardıń biri Jiyrenshe sheshen bolǵan.

Awızeki maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda Jiyrenshe sheshen Jánibek xan zamanında jasaǵan adam. Onıń qay jılı, qay jerde tuwılıp, qashan ólgeni haqqında maǵlıwmat joq. Sonı da belgilep ótiw kerek, orta ásirler tariyxında eki Jánibek xan ótken. Birinshisi Altın Orda 1312-1340-jıllar xanlıq etken, Ózbek xannıń ulı Jánibek xan. Ekinshi qazaq xanlıǵın qurǵan Jánibek xan. Ol 1456-1478-jılları xan bolǵan. Usı waqıtqa shekem Jiyrenshe haqqında sóz etkenler barlıǵı derlik Jiyrenshe sheshen qaysı Jánibektiń tusında jasaǵanına itibar bermey keledi. Bizińshe Jiyrenshe sheshen Altın Orda xanı Jánibek (1342-1357) tusında jasaǵan bolıwı kerek. Sebebi, Jiyrenshe sheshen atınıń tek qazaq, qaraqalpaq, arallı ózbekler arasında ǵana emes, al noǵaylar, bashqurtlar, tatarlar arasında keń tarawı kópshilik túrkiy qáwimleriniń Altın Orda, Aq Orda, noǵaylı bolıp jasaǵan dáwirine tuwra keledi. Onıń ústine Jiyrenshe sheshen menen birge jasaǵan Jánibek xan keńes dáwirindegi kópshilik izertlewshilerdiń kórsetkenindey aqılsız, aqmaq, zulım xan emes, al oǵada parasatlı, adamlardıń bilgirligin sınap kóretuǵın, danalıqtı, bilimlilikti bahalaytuǵın oǵada ádil xan boladı. Ol Jiyrensheniń danalıq penen aytqan hár awız sózine 1000 tilla beredi. Durısında da Jiyrensheni ǵamxorlıqqa alıp qasında saqlaǵan Altın Orda xanı Jánibek xan bolıwı tolıq sáykes keledi [4. 136-137].

Sheshenlik sózlerdiń payda bolıw, el arasına taralıw hám rawajlanıw dáwirlerin qaraqalpaqlar arasında en jayıw dáwirin XIV-XV ásirler yaǵnıy Jiyrenshe sheshennniń dúńyaǵa atı taralıw dáwiri dep alsaq qátelespeymiz. Sheshenlik sózler bir xalıqta ǵana birden payda bolmaydı. Dáslepki payda bolıwı eski Rimlilerde dep esaplasaq, sonsha ásirlerden berli ol sheshenlik óneri qońsı Egipet, Kishi Aziya hám sol dáwirde dúńyaǵa atı taraǵan Altın Orda mámleketi bolǵanlıǵı ózinen ózi dálillenedi. Óytkeni, Altın Ordanıń xanı Jánibek xan (1342-1357) jıllarda xanlıq etip, el ishinen dana, tilge júyrik, aqıllı, sheshen, dilwar adamlardı átirapına toplaǵan bolsa, solardıń biri Jiyrenshe sheshen esaplansa, demek qaraqalpaqlarda XIV ásirde-aq sheshenlik ónerine tiykar salınǵanlıǵı, hátteki gúrlep rawajlanǵanlıǵın tán alıwımızǵa boladı. Sheshenlik óneriniń payda bolıw tariyxı qaraqalpaqlar xalıqlıq dárejege jetisken IX-X ásirlerde-aq payda bolǵanlıǵına gúman tuwdırmaydı.

XIV ásirde arab elleri, Egipet sıyaqlı mámleketlerde jazba dini ádebiyatlar payda bolıp arab, parsı tillerinen túrkiy xalıqlar tillerine de olar awdarılıp, elge taralǵanlıǵı málim. Olardıń kópshiligi tek diniy kitaplar emes, didaktikalıqta shıǵarmalar edi. Usı dáwirlerdiń tili hám kórkem shıǵarması iretinde Xorezmiydiń "Muhabbatnama", Durbektiń "Yusup hám Zuleyxa", Yusup Has Hajibtiń "Qutadǵu bilik", Axmed Yugnakiydiń "Hibatul haqayik", Qutb shayırdıń "Xısıraw hám Shiyrin" h.t.b. shıǵarmaları bulardıń qatarına kiredi.

Ulıwma túrkiy tilles xalıqlardıń folklorına hám jazba ádebiyatlarına súyensek Jiyrenshe sheshen ataması menen danalıq sózlerdi ózlerinde erkin paydalanıp júrgen xalıqlar: qaraqalpaqlar, noǵaylar, tatarlar, qırǵızlar, qazaqlar, bashqurtlar, ózbekler h.t.b. xalıqlar. Usılardıń ishinde baspa sózde Jiyrenshe sheshen sózlerin baspa sózde kóbirek járiyalap úgit-násiyat etip júrgen xalıqlar: qaraqalpaqlar, qazaqlar, noǵaylar. Mısalı: İbray Altınsarin 1879-jılları óz sabaqlıǵına Jiyrenshe sheshen sózlerin kirgizgen. Onnan keyin V.Radlov, Sh.Walixanov, G.N.Potanin, İ.N.Berezin sońın ala Á.Divaev, Gabdul Hákim Gabdashev h.t.b. qazaqlar arasınan Jiyrenshe sheshen sózlerin jıynaǵan, ayırım úlgilerin bastırıp shıǵarǵan.

Jiyrenshe sheshen sózleri tek bir dáwirde, bir ásirde ǵana dóretilip bolınǵan kórkem shıǵarmalar emes. Olardıń yaǵnıy Jiyrenshe atına ótip ketkende sheshenlik sózleri kóp. Bul tábiyǵıy process. Ullı dana, oyshıl, tapqır, sheshen, juwabıy qaharman Jiyrenshe bolǵanlıqtan Jiyrensheden burın da, sońda dóregen kóp ǵana sheshenlik sózler Jiyrenshe atı menen júrgenligi sır emes. Biraq biz bul temaǵa kóbirek toqtalıp atırǵandaǵı maqsetimiz qaraqalpaqlarda hám túrkiy tilles xalıqlarda Jiyrenshege taqabbil bir neshe sheshenler ótken. Birinshiden: kimleri umıtılıp ketip, olardıń danalıq sózleri de Jiyrensheniń atına ótip ketkenliginde. Endi biz házir qaysı sheshenlik sóz Jiyrensheniki ayırıp bilmeymiz de. Ekinshiden: IX-XVI ásirler dawamında biziń jerleslerimizden de ne degen danalar, ilimpazlar, shayırlar, filosoflar ótken. Olardıń jaratıp jazıp ketken shıǵarmalarında da qúdiretli sózler, oylar, pikirler san mıń. Usılardı da biz sheshenlik sózlerdiń shıǵıw, payda bolıw, rawajlanıw, jazba ádebiyatqa ótiw zańlılıǵına haqılı túrde kirgiziwimiz lazım.

**Ádebiyatlar**


1.Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры, Нөкис: -«Қарақалпақстан», 1977.
2.Айымбетов Қ. Халық даналығы, Нөкис:-«Қарақалпақстан», 1988.
3.Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс, Нөкис:- «Қарақалпақстан», 1989.
4..Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери, Нөкис:-«Қарақалпақстан», 1996.
5.Мәмбетов Қ. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты, Нөкис:-«Билим», 1992.

**REZYUME**

Ushbu maqolada chechanlik hunarining paydo bo'lishi, shakllanishining tarixiy va dasturiy yo'llari haqida so'z boradi. Shu bilan birga, ushbu xususiyatlar haqida Jiyrenshe chechan ijodi misolida fikr yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматриваются исторические и программные истоки чеченской профессии. Однако эти особенности обсуждаются на примере чеченского произведения Жиренше.

**SUMMARY**

This article discusses the historical and programmatic origins of the Chechen profession. However, these features are discussed in the example of the work of Jirenshe Chechen.

## SHESHENLIK ÓNERINIŃ HÁM SHESHENLER AYTISINIŃ JANRLIQ ÓZGESHELIKLERI

**G.Jollıbaeva** – *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** aytishuv, oratorlik, Sitseron, ertaklar, dostonlar, «Edige» dostoni, «Sharyar» dostoni.

**Ключевые слова:** сказописание, ораторское искусство, Цицерон, сказки, былины, эпос «Едиге», эпос «Шарьяр».

**Key words:** storytelling, oratory, Ciceron, fairy tales, epics, the epic "Edige", the epic "Sharyar".

Sheshenler aytısı – aytıslardıń eń bir qızıq, ózinshe bir jetilisken forması. Onıń sebebi, bul aytıs túrinde burıngı salt-dástúr jırlarında tırnaq tası qalana baslaǵan aytıslıq elemetler (eki tárep bolıp júzbe-júz aytısıw, kollektivlikten jekkelikke umtılıw, jeńiw maqsetin názerde tutıw, aytıstıń hár qıylı hiyle-tásilleri) biraz jetilisip, haqıyqıy rawajlanıw jolına túsedi. Atınan da kórip otırǵanımızday, eń baslısı, aytıstıń tiykarǵı belgisi sheshenlik, tapqırlıq qáliplese baslaydı. Endi ol burıngı salt-dástór aytıslarında (termin shártli túrde alınǵan) bolatuǵın kúyinish-súyinish temalarınan ádewir keńeyip, shańaraq-turmıs máseleleriniń átirapında ǵana qalıp qoyatuǵın oyın-zawıq, toy-bázimler usaǵan kishi auditoriyalardıń tar ramkasınan shıǵıp, pútkil massanıń táǵdirin sheshetuǵın ullı tribunaǵa aylanadı. Nátiyjede, sheshenlik professiya dárejesine etip, óz dáwiriniń kórkem-estetikalıq talapların qanaatlandırıw menen birge, siyasiy gúrestiń birden-bir aktiv quralına aylana baslaydı, yaǵnıy ayırım sheshen adamlardıń oratorlıq óneri arqasında hár qıylı eller arasındaǵı daw-jánjellerge deyin sheshiliw tabatuǵın boladı. Bunı sol dáwirdegi sotsial-ekonomikalıq, mádeniy-siyasiy, tariyxıy talaplar sózsiz zárúr etedi. Sebebi, klasslık jámiyettiń qarama-qarsılıǵı ruw-qáwimler arasında jiyi-jiyi urıs-qaǵıslardıń bolıwın keltirip shıǵaradı. Solay etip, usınday tariyxıy zárúrlikke baylanıslı sheshenlik óneri payda bolǵan. Bul ónerdi kásip etiwshi sheshenler bolsa óz sózlerinde xalıqtıń bay folklorınıń úlgilerinen, atap aytqanda, salt-dástúr jırlarındaǵı aytıslıq elementlerden, shiyrin til menen jeldirtip aytıw – improvizatsiyadan, naqıl-maqallardaǵı qısqa hám anıq danalıqtan, jumbaqlardaǵı dusmallap sóylewden puxta paydalanıp otırǵan.

Xalıq folklorınıń usınday kishi kólemli formalarınan saǵa alǵan sheshenlik óneri kele-kele keń qulash jayıp, epikalıq sıpat iyelewge deyin barıp jetisken. Sebebi, ayırım daw-jánjellerdiń xarakteriniń ózi usınday epikalıq formanıń bolıwın, yaǵnıy pikirdiń uzaqtan aylanıp keliwin talap etken.

«Poetikalıq sóz benen aqıl jarıstırıp, aytıstı kásip qılıp júrgen ayırım professional adamlar bolǵan,-dep jazadı bul sheshenlik aytısları haqqında belgili qaraqalpaq folkloristı, professor Q.Ayımbetov, - Ayırım sheshen adamlar sheshenlik sóz kúshi menen daw pitkergen, toy baslaǵan, eki eldi jarastırǵan. Bular sóz ónerin súygen dilwar adamlar bolǵan. Sheshenler kóbine xalıqtıń naqıl-maqallarınan paydalanǵan [2].

Sóz sheberi sheshenler xalıq naqılın paydalanıw menen qatar, óziniń sheberligin qosıp, aytıstı jetildirgen. Sóz kúshi menen sóz jarastırıw, daw pitkeriw, urısqandı jarastırıw xalıq mádeniyatınıń sol gezdegi talabına ılayıq óz zamanı ushın kerek bolǵan.

Bul, demek, sheshenler aytısı xalıqtıń siyasiy, mádeniy ómirinde belgili rol atqarǵan massalıq janr boladı degen sóz.

Rasında da, qaraqalpaq xalqında sheshenler aytısın úrdis etip, ózleriniń tapqırlıǵı, sheshenligi, aqıllılıǵı menen ataq shıǵarǵan dilwar adamlar oǵada kóp bolǵan. Olar ózleriniń usı uqıplarına bola sheshenler, laqqılar dep te atalǵan. Mısalı, Jiyrenshe sheshen menen Ómirbek laqqı usınday adamlardıń tipi.

Biraq, bul pikirlerge qarap, sheshenler aytısı tek qaraqalpaqlar xalqında ǵana bolǵan eken degen túsinik kelip shıqpawı tiyis. E.A.Nojinniń kórsetiwine qaraǵanda, bul óner Egipet, Assiriya, Vavilon, Indiya, Qıtay qusaǵan ellerde áyemgi dáwirlerde-aq belgili bola baslaǵan, antik dáwirdegi Gresiyada bolsa óziniń izbe-iz0 rawajlanıw jolına túsken. Biziń eramızǵa deyingi V ásirdiń ekinshi yarımına kelip ol, oratorlıq iskusstvo Afina mámleketiniń jámietlik ómirindegi sheshiwshi faktorlardıń biri – siyasiy gúres quralı sıpatında xızmet atqara baslaǵan. Usı dáwirlerden baslap onıń teoriyası sıpatında xızmet atqara baslaǵan. Usı dáwirlerden baslap onıń teoriyası sıpatında ritorika payda bolıp, Demosfen, Aristotel, Irak Tuliy Sitseron sıyaqlı belgili teoretik oratorlar tariyxıy arenaǵa shıqtı.

Oratorlıq sóz jarıs óneri orta ásirlerde rawajlanıw tempin bir qansha tómenletse de, oyanıw dáwirine kelip jáne qaytadan gúlleniw jolına túsken.

E.A.Nojin bul miynetinde oratorlıq óneriniń áyemgi dereklerin usılayınsha kórsetiw menen qatar, oratorlıq iskusstvo degenimizdiń ózi ne, oratordıń sóylew ózgeshelikleri qanday boladı, orator menen auditoriya ortasındaǵı baylanıs qalayınsha iske asıwı kerek?-degenge usaǵan problemalarǵa keń túrde toqtap ótedi. E.A.Nojinniń tastıyıqlawınsha, oratorlıq iskusstvo – bul adam iskerliginiń hár tárepleme kórinisi bolıp tabıladı. Al, oratordıń ózi bolsa usı iskerlikti kórsetiwshi hár tárepleme jetilisken adam. Onda tuwma talant ta, asqan bilim de, tereń aqıl da, shayırshılıq ta, improvizatsiyalıq qabılet te, jaǵımlı til menen lapızlı hawaz da, usılarǵa say jaqsı minez-xulıqta bolıwı kerek. Qullası, orator dóretiwshilik qásiet penen atqarıwshılıq ónerdiń barlıǵın óz boyına jámlegen adam, yaǵnıy ol hám avtor, hám artist degen sóz. Baslısı, ol xalıq tribunası, propagandist, jámietlik isker. Sonlıqtan da ol óz sózlerin ózi jasaǵan jámiettiń aldıngı progressiv ideyaları menen tıǵız baylanıstıra biliwi kerek. Tek usınday qásiyetlerdi tolıq ielegen avtor ǵana auditoriyanı durıs basqarıp, massanı ózine erite aladı. Tek usı qásiyetler ǵana onıń xalıq aldındaǵı abıroyın kóteredi, oratorlıq ónerinde jeńiske eristiredi.

Demek, oratorlıq iskusstvo hámme ónerlerdiń sintezi degen sóz. Bunda shayırshılıq, sheshenlik, dilwarlıq, tapqırlıq qásietler bolıw menen qatar, sheber atqarıwshılıq óner de bolıwı kerek. Oratorda bul ózgesheliklerdiń birinń kemis bolıwı onıń xalıq aldındaǵı abıroyınıń tómenlewine alıp keledi. Sonlıqtan da bunnan 4000 jıl burın-aq Sitseron bul ónerdiń ózgesheligi haqqında «Shayır bolıp tuwıladı, al sheshen bolıp qáliplesedi» dep jazǵan edi. Al, fransuz oratorlıq iskusstvosınıń belgili teoretigi M.Ajamnıń «Derlik barlıq sheshenler kúshli este saqlaw qábiletine iye ullı oys-